

Preparasyon Kolonoskopi

Enstriksyon pou Medikaman Dyabèt

ENFÒMASYON ENPÒTAN SOU MEDIKAMAN DYABÈT OU YO

Sa yo se direktiv jeneral. Si w gen kesyon sou medikaman oswa kontwòl dyabèt ou a, mande doktè swen primè oswa doktè glann andokrin ou an. **Pa tann lavèy tès la.**

Verifye nivo glikoz nan san w

- Teste pandan tout peryòd preparasyon an
- Teste anvan w pran likid klè ak anvan w al kouche oswa si ou gen sentòm
- Si sik nan san w pi ba pase 80 mg/dl: pran 15-20g idrat kabòn
 - o Men kèk egzanp 15-20g idrat kabòn: 4 ons ensure/boost klè, ji pòm klè, ji rezen blan, jelatin sikre nòmal, oswa krèm dlo gou zoranj
 - o Tann 10-15 minit epi teste ankò, rekòmanse si w toujou anba 80 mg/dl

Si w ap pran:	Jou anvan kolonoskopi an:	Jou kolonoskopi an:
Medikaman dyabèt pa bouch	Pran mwatye dòz nòmal ou nan maten. PA pran dòz aswè a	PA pran I anvan entèvansyon an
Medikaman nan piki (ki pa ensilin) (Byetta, Saxenda Victoza, Trulicity, Ozempic, Wegovy, Symlin, Bydureon, <u>Mounjaro</u> , <u>Rybelsus</u> , <u>Tanzeum</u> , <u>Zepbound</u>)	Pou sa ou pran chak jou yo, pran dòz abityèl ou (Saxenda, Victoza, Byetta) Pou sa ou pran yon fwa pa semèn yo, (Trulicity, Ozempic, Wegovy, Symlin, Bydureon, <u>Mounjaro</u>, <u>Rybelsus</u>, <u>Tanzeum</u>, <u>Zepbound</u>), PA PRAN YO NAN 7 JOU ANVAN PWOSEDI A	Pou sa w pran chak jou yo, PA pran yo anvan pwosedi a (Saxenda, Victoza, Byetta) Pou sa ou pran yon fwa pa semèn yo, (Trulicity, Ozempic, Wegovy, Symlin, Bydureon, <u>Mounjaro</u>, <u>Rybelsus</u>, <u>Tanzeum</u>, <u>Zepbound</u>), PA PRAN YO NAN 7 JOU ANVAN PWOSEDI A
Ensilin rapid (Humalog, Novolog, Apidra, Regular, NPH, oswa tou melanje)	Pran mwatye dòz nòmal ou nan aswè	PA pran dòz maten w lan Pran dòz aswè a sèlman si w ap manje
Ensilin ki gen aksyon pwolonje (Lantus, Levemir, Degludec, Tresiba)	Pran dòz konplè nòmal la	Pran dòz konplè nòmal la
Ponp Ensilin	Kontinye ak kantite debaz ou a. Si glikoz ou yo kontinye rete pi ba pase 100, diminye tretman debaz ou a 75% kantite* nòmal ou a Fè sèlman kèk bòl alimantè koreksyonèl pou glikoz 200 oswa plis.	Kontinye ak kantite debaz ou a. Si glikoz ou lè w fèk leve pi ba pase 130, redui kantite debaz ou a 75% kantite* nòmal ou a. PA fè bòl alimantè koreksyonèl yo nan maten pwosedi a.

* Poze doktè glann andokrin ou an tout kesyon ou genyen sou kijan pou w jere paramèt ponp ou an anvan pwosedi a